# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बस्ती मे अधिकारियन के साथे बइठकी कई के विकास कार्यन क समीक्षा कइले। उहां के निरदेस देहली कि सज्जों परियोजना अउर काम समय पर पूरा कइल जाए आ गुणवत्ता का विसेस ध्यान रखल जाए। बरखा के नाते जल भराव अउर नदियन क जल स्तर क निगरानी कइल जाए। अधिकारी ई सुनिश्चित करें कि जनता के कवनहू तरह के दिक्कत न होखे। बंधा क लगतारे निगरानी कइल जाए अउर जहवां बंधा कमजोर देखाई दे त जुरते ओहकर मरम्मत करावल जाए। समीक्षा बइठकी से पहिले मुख्यमंत्री जनप्रतिनिधियन से भेटों कइलें। ऐह मौका पर उहां के वन महोत्सव दुई हजार चौबीस के तहत मण्डलायुक्त कार्यालय के हाता में पारिजात के पौधो लगवलीं। ओही दुपहरिया बाद मुख्यमंत्री गोरखपुर में हनुमान प्रसाद पोद्दार कैंसर अस्पताल में सत्रह करोड़ रूपिया के लागत वाली कैंसर क अत्याधुनिक सेकाई मसीनों क लोकार्पण कइलें।

**********

हाथरस हादसे क जांच कई रहलि एसआईटी आपन रिपोर्ट शासन के संउपि दिहले हवे।एडीजी आगरा अउर अलीगढ़ कमिश्नर के अगुवाई में चलि रहलि जांच में डीएम एसएसपी के सथहीं सौ लोगिन क बयान दरज भइल हवे। दुई जुलाई के दुपहरिया में भइल ऐह हादसा के बदहीं मुख्यमंत्री एसआईटी जांचि क आदेश दिहले रहलें। एडीजी आगरा जोन अनुपंम कुलश्रेष्ठ अउर कमिश्नर चैत्रा वी के एसआईटी क जिम्मा देत चौबीस घंटा में रिपोर्ट मांगल गइल रहे।

एसआईटी क गठन हादस के मूल कारण अउर लापरवाही आ अनदेखियन के उजागर करे के हवे हालाकि ई रिपोर्ट बुद्धे के देवे के रहे बाकिर राहत अउर बचाव कार्य जारी रहले अउर मुख्यमंत्रही के अइले के नाते समय पर जांचि पूरा नाही हो पावल। अधिकारी लोग तीन दिन क समय मंगले रहलें। ऐह रिपोर्ट में घटना स्थल पर तैनात एक–एक गो पुलिस अउरियों सज्जों विभागन के करमचारी अउर अधिकारी प्रांभिक सूचना वाले कर्मी एम्बूलेंस कर्मी, डाक्टर, पोस्टमार्टम करे वाले डाक्टर, किसान, चश्मदीद, घाही लोगि तहसील अउर जिला स्तर का अधिकारी डीएम एसएसपी जइसन तमाम लोगिन क बयान सामिल हउवे। ओहर हादसा क जांचि बदे राज्य सरकार की ओरि से गठित तीन सदस्यीय न्यायिक आयोगो जांचि बदे जल्दिये हाथरस जाई।

**********

लोकसभा में विपक्ष क नेता राहुल गांधी आजु हाथरस पहुंच के हादसा के पीड़ित परिवारन से भेंट कइलें अउर ओन्हें सांत्वना दिहलें। मीडिया से बतियावत उहां के कहलीं के ई मुसकिल समय हवे अउर सज्जों पीडित परिवार बहुत गरीब हउवे सज्जों जनी के जियादे से जियादे मोआवजा क जरूरत हवे। उहां के मुख्यमंत्री से अपील कइलीं कि ऊ पीडित परिवारन क पूरा मदद करें। अउर ओन्हें जियादे से जियादे मोआवजा दे। राहुल गांधी कहलें कि हादसा में कहीं न कहीं परसासन क कमी जरूर हउवे। कार्यक्रम में जेतना पुलिस बल होखे के चाहत रहे ओतना ओहा नाही रहलि।

**********

नीति आयोग की ओरि से तीन महिन्ना ले चले वाला सम्पूर्णता अभियान क्रम में देउरिया के विकास खण्ड गौरी बाजार, पीलीभीत के पूरनपुर, बाराबंकी के विकास खण्ड निंदूरा अउर महोबा के विकास खण्ड कबरई के सथहीं कई गो आकांक्षी जिलन अउर विकास खण्ड में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

ऐह अभियान में उत्तर प्रदेस में आठ जिलन अउर अड़सठ विकास खण्ड के सामिल कइल गइल हवे। ई अभियान तीस सितंबर दुई हजार चौबीस ले चली। एकरे जरिए छौ प्रमुख संकेतकन पर आधारित मानक के हासिल करे बदे आंकाक्षी जिलन अउर प्रखंड मे काम कइल जाई।

सम्पूर्णता अभियान जवन प्रमुख संकेतकन पर ध्यान देई ओह में देखभाल बदे पंजीकृत गर्भवती महिला लोगिन क प्रतिसत शुगर वाला लोगिन क प्रतिशत हाई बीपी वाला मनईन क प्रतिशत, अइसन गर्भवती महिला लोगिन का प्रतिशत जेनहें अतिरिक्त पोषण दीहल जा रहल हवे अउर माटी क हालत जांचे वाला मृदा स्वास्थय कार्ड जारी करे अउर अइसन स्वंय सहायता समूहन क प्रतिशत सामिल हउवे जेनहे प्रखंड स्तर पर धनराशि दिहल गइल हवे।

**********

प्रदेस में पूर्वांचल के कई जिलन में भिन्नहिये से बरखा क सिलसिला जारी बाटे। मौसम विभाग क पूर्वानुमान हवे कि अगिला कुछु दिन ले अइसहीं बरखा होत रही। विभाग अगिला दुई दिन खातिर बरखा क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हवे। ऐह दौरान पूर्वी अउर पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कुछु हिस्सन में ब्रजपात के साथे भारी बरखा क अनेसा हवे। मौसम विभाग गोरखपुर, संतकबीरनगर, सिद्धार्थनगर, बलरामपुर, महराजगंज, कुशीनगर, बरेली, पीलीभीत अउर शाहजहांपुर में भारी बरखा क अनुमान जतवले हवे। पूर्वी उत्तर प्रदेश में भारी बरखा अउर वज्रपात के अलर्ट के नाते कुछु जिलन में स्कूली बिहने तक खातिर बंद कई दिहल गइल हवे।

**********